

MARYLAND STATE DEPARTMENT OF
EDUCATION
Akonplisman gen plis enpotans

Maryland State Department of Education
Division of Special Education/Early Intervention Services
200 W. Baltimore Street, Baltimore, MD 21201
www.marylandpublicschools.org

**DEPARTMAN EDIKASYON LETA MARYLAND EDIKASYON ESPESYAL
PLENT LETA ANSANM AK PWOSEDI REZOLISYON YO**

PATI B

I. OTORITE

- A. 34 CFR §300.151 et seq.
 - B. COMAR 13A.05.01.15A

II. MEN SA NOU VLE WE RIVE

- A. Dépatman Edikasyon Léta Maryland (MSDE) adopté pwosedi plent envestigasyon yo pou rézoud plent yo ki ranpli anba lalwa (IDEA) sa vlé di Edikasyon Endividiyel pou moun ki gen andikap épi ak tout lalwa Léta ansanm ak fédéral ak tout règ yo ki maré ak sa. Se responsabilite MSDE pou rezoud tout plent yo ki fè tout sa rékèt 34 CFR §300.153 epi tou ki ranpli nan MSDE dapre jan ké pwosédé yo mandé.
 - B. Sé responsabilité MSDE pou voyé je gadé si aksyon korektif yo swiv jiskaske sa fini, nap pale de akson korektif kite bay kom pinisyon apre you plent envestigasyon, yo la tou pou pran étap nésésè epi garanti ke sa ki mande pou fet nan aksyon korektif yo fet vre, ladan dwe gen asistans teknik epi pran an plis mezi ki apwopryé.

III. SA YO MANDE POU MOUN RANPLI YOU PLENT

Nenpot organizasyon oswa endividé, isi apré "moun ki fe plent lan" ladan menm sa ki deyo leta Maryland, kapab ranpli plent nan MSDE. MSDE va rezoud plent yo ke lot divizyon yo ranpli nan MSDE swa ke Leta osnon federal ofisyel gouvenman founi ke plent lan an akò ak bagay sa yo mwen pral pale nan paj pi ba a.

- A. Moun ki ranpli plent lan dwé itilize Fòm Plent Leta a, ke yo kapab pran nan sit entenet MSDE a nan adres sa a : www.marylandpublicschools.org (apre sa ale nan pati Divizyon Edikasyon Espesyal paj sèvis entèvansyon Bonè, lè ou fini ak sa, ou ale nan pati Envestigasyon plent epi branch paj ki pale sou zafe garanti dwa moun nan) (Division of Special Education/Early Intervention Services page, apre sa Complaint Investigation and Due Process Branch page), gen you lòt bagay ke ou ka fe, rele nan nimewo sa a: 410-767-7770. Menm kan yo pa oblige ou itilize fom nan, men nan plent ou fe a fòk ou gen ladan tout enfomasyon ou we ki ekri nan fom nan. Kòm sa satisfè bezwen yo kòm preznan anba yo.
- B. Moun ki fè plent lan dwe voye-l bay Asistan Siperentandan Leta, Divizyon Edikasyon Espesyal/Sevis Entevansyon Bonè yo Leta Maryland. Department of Education, 200 West Baltimore Street, Baltimore, MD 21201
- C. Nan menm moman an plent lan ranpli nan MSDE nou dwé voyé you kopi bay responsab ajans piblik ki responsab pou pwogram édikasyon étidyan an. Li rekomande ke nan plent lan ou dwe ekri atansyon Direkte Edikasyon Espesyal (Director of Special Education) oswa ou ka make lot responsab Administrate pou pwogram nan.
- D. Plent lan dwe fet a lekri epi lid we siyen pa moun ki fe plent lan. MSDE va rezoud plent ké yo résérvwa pa faks si plent lan siyen épi si li ranpli tout démann Seksyon III, paragaf E jiska J anba a.
- E. Plent lan dwé gen ladan bagay mwen pwal di pi ba-a:
1. You déklärasyon ké you ajans piblik té vyolé you rékèt de IDEA;
 2. Fè yo (Prèv) sou yo menm déklärasyon yo fèt (moun ki fè plent lan dwé ankourajé pou bay kopi nenpot dokiman ki sipoté alegasyon yo;
 3. Siyati épi enfomasyon kontak pou moun ki fè plent lan;
 4. Si vyolasyon yo di ki fèt la konsènan you étidyan espesifik, moun ki fè plent lan dwé mété ladan:
 - a. Non ak adrès koté étidyan an abité;
 - b. Non lékol koté ti moun nan yé ;
 - c. Nan ka ké étidyan an pa gen kay, bay enfomasyon kontak ki disponib pou étidyan an épi tou non lékol étidyan alé ladan ;

- d. You deskripsiyon de nati pwoblem étidyan, ladan genyen fè yo ki gen rapo ak pwoblem lan ; ansanm ak
 - e. You solisyon pwopoze dé pwoblem lan nan mézi ke yo konnenépi ki disponib a pati yo nan epòq plent lan ranpli
- F. Plent lan dwe fe konnen ke gen you vyolasyon ki rive pa plis ke (1) en an anvan dat MSDE resevwa plent.
- G. Déklärasyon ké ajans publik la vyolé you démann de IDEA ka lyé ak idantifikasiyon, évalyasyon oswa plasman édikatif you étidyan, oswa pwovizyon apwopryé édikatif publik gratis ti chéri (FAPE) a étidyan, menm jan ak akizasyon ke you ajans publik vyole IDEA ansanm ak règ federal yo ak Leta yo. Sa dwe gen ladan yo alegasyon ke ajans publik.....pa aplike aksyon ki ekzije a kòm rezulta desizyon you odisyon sou zafè garanti dwa moun. Ako regleman yo, akò Médyasyon yo, épi tout akò yo ké nou rivé jwenn gras a rezulta reinyon rezolisyón ki aplikab nan you Tribunal konpetan ki nan jiridiksyon ou osnon nan tribunal distri Etazini, men li pap rzoud pa MSDE pa pwosede plent lan
- H. Si plent lan pa ranpli kondisyon yo ki mansyoné nan seksyon III, paragraf A jiska J de pwosédé sa yo, MSDE va founi moun ki ranpli plent lan avèk you nòt a lékri ké yo déterminé plent lan li pa sifi épi ki lòt enfòmasyon an plis ké yo bezwen you fason ké plent lan ka rivé satisfè demann règleman yo épi pwosedi yo
- I. Si plent lan ranpli o non dé you étidyan endividyal épi moun ki ranpli plent lan pa paran étidyan an, enben moun ki ranpli plent lan dwé résérvwa nan men paran étidyan an you papye ki siyen épi ba-l pouvwa pou aji an favè étidyan an you fason pou MSDE bay kisa yo jwenn epi tou konkilzyon yo. Papye a dwe siyen pa paran epi li dwe di ke li bay konsantman pou MSDE relache enfomasyon sou etdyan a moun ki ranpli plent lan.

IV. PWOSEDI ENVESTIGASYON PLENT YO

- A. Le MSDE resevwa plent lan, lap voye li pa sevis faks, a ajans pesonel ki sipoze jwenn li an.
- B. Moun ki fe plent lan ansanm avek ajans publik lan va resevwa nòt a lekri ki asepte ke moun nan resevwa resi plent lan, idantifyé alegasyon an (Akizasyon an) ki va sije pou you envestigasyon, endike tan limit pou you rezolisyón, enfomé pati yo dwa yo genyen pou soumet enfòmasyon an plis ki an rapò avek akizasyon an (yo) epi idantifye moun nan pesonel MSDE ke yo idantifye pou rezoud plent lan. Nòt ekri a ap gen you deklarasyon ke si ajans publik la ofri you remed a moun ki

ranpli plent lan ki pwopoze nan let plent lan, MSDE ap konsidere pwoblem nan rezoud. MSDE ankouraje pati yo pou fe apwòch pou rézoud plent pi bonè ké yo kapab swa nou tonbé dako nou gen volonté pou fè médyasyon dézagreman yo osnon rezoud dispit la pa you lot metod yo ki mwens fòmel.

- C. Nan you ané lékol lè yo résévwa premyé plent a lékri, ajans piblik ou wè yo ranpli plent kont li dwé voyé you kopi pwosédé sofгад yo bay moun ki ranpli plent kont li an.
- D. Ajans piblik ki sijè a plent lan ankourajé pou fè you revizyon dé akizasyon an avèk sistem lékol pèsone apwopryé. Sis item lékol la reponn a akizasyon yo, yo dwe ekzamine chak akizasyon yo youn apré lòt épi tou founi prèv jan ajans piblik la déterminé, si gen you vyolasyon idantifyé, dwé gen you pwopozisyon de aksyon koréktif oswa dékri aksyon yo ki té pran pou ka poté you rèmed nenpot sèvis yo ké endividyle étidyan an té pèdi. Si vyolasyon an afekte etidyan sitiye yo, ajans piblik la va pwopozé aksyon korektif pou ranplasé nenpòt sèvis yo ké étidyan an yo té pèdi.
- E. MSDE va rann yon visit endepandan nan koté a si MSDE déterminé ké visit koté a nésésè pou rézoud plent lan.
- F. MSDE va pran you desizyon a lekri (lèt konklizyon yo) a moun ki té fè plent lan epi a ajans piblik la, ladan genyen :
 - 1. You déklärasyon sou akizasyon envéstigé ;
 - 2. Konklizyon ansan ak konklizyon pou chak akizasyon envestigé
 - 3. Si MSDE détéminé ké gen you vyolasyon dé régléman yo ansanm ak lalwa yo Leta ak fédéral nan lèt konklizyon yo nou dwé wè ki kalité aksyon koréktif ké ajans piblik lan palé sou sa :
 - a. Kouman pou bay remed a moun ke yo refize sevis yo, ladan si li apwopryé, dwé gen you ranbousman lajan oswa lòt aksyon korektif apwoprye dapre bezwen etidyan an; ansanm ak
 - b. Sevis pwovizyon apwoprye nan tan kap vini, pou tout étidyan yo ki andikap yo;
 - 4. Tan limit yo pou mété-w an reg akson korektif yo.

5. Lè wap ranpli aksyon korektif yo si ou bezwen asistans teknik, rélé you moun kontak nan MSDE; ansanm ak
6. You déklärasyon pou enfomé pati yo ké yo toujou gen dwa pou mandé you médyasyon oswa ranpli you plent sou zafè garanti dwa moun pou rezoud bagay ki gen pou wé ansanm ak plent lan si yo pa dakò avék désizyon MSDE.
- G. Lèt konklizyon yo yo ka konsidere l an reta si yo pa fè l nan (60) jou kalandrye de dat ke plent lan nte resevwa nan MSDE. Tan limit lan ka pwolonjé si gen sikonstans esépsyonèl ekzisté avèk respè pou you plent patikilye osnon moun ki ranpli plent lan oswa ajans piblik la ki nan kozé a dakò pou pwolonjé tan nou ta dwé antré nan medyasyon oswa lòt rezolisyon dispit altènatif. Si you pwolonjman nésèsè, moun ki fè plent lan ansanm ak ajans piblik la dwe jwen enfòmasyon sou sa pa ekri, MSDE dwe fè yo konen ki rezon ki fè ekstansyon an nésèsè.
- H. Si nenpòt nan pati yo pa dakò avèk konklizyon yo ki nan lèt konklizyon yo, pati a gen dwa pou bay plis enfòmasyon *ki pat konsidéré oswa ki pat disponib nan moman envestigasyon an tap fèt*. Enfomasyon an yo dwé soumèt li nan (15) kenz jou kalandryé de dat Lèt konklizyon an. MSDE va détèminé si enfomasyon an plis sifi pou jistifyé you révizyon de konklizyon ki jwenn kòm rezulta envestigasyon. Nan détèminé si enfomasyon an sifi, MSDE va fè pati yo konen a lekri desizyon l pou rekonsidéré konklizyon ké yo tonbé dakò sou li, épi tou si gen nenpot aksyon koréktif ki bézwen nan destitsyon tann you détèminasyon final.

V. PLENT YO AN DEYÒ OTORITÉ MSDE

- A. Si nan plent lan gen akizasyon diskriminasyon ki baze sou ras, sou pensip yo, sou seks, sou laj, sou koulè, sou orijin nasyonal, sou estati si ou marye oswa non, osnon estati fizik, oswa andikap mantal, ou byen lòt kondwit ki té mansyoné pa règleman yo ansanm ak lwa yo épi règleman ki pa menm gen anyen pou wè ak édikasyon espésyal, MSDE va fe pati yo kon sa a lekri de akizasyon yo ki pa anba otorité MSDE pou l envestigé. Nan lèt sa a, MSDE va bay moun ki ranpli plent lan non ansanm ak adrès de ajans apwopryé ki gen otorité nan jiridiksyon ou sou akizasyon espesifik yo, si yo konen.
- B. MSDE pa envestigé akizasyon yo ki gen tan jwen you akò pa médyasyon oswa you réinyon rezolisyon ki pa ko ékzékité. Nenpòt plent sa yo dwe ranpli nan tribunal konpétan nan jiridiksyon ou pou pou ka jwen you solisyon.
- C. Si nou résévwwa you plent ki sijè a you odisyon sou zafè garanti dwa moun oswa si li gen you pakèt akizasyon oswa youn osnon plis pati ladan sé you pati nan odisyon an. MSDE dwé mété sou koté nenpot pati nan plent lan ki

gen pou wè ak odisyon sou zafè garanti dwa moun jiska konklizyon odisyon an. Nenpot akizasyon nan plent lan ki pa you pati nan plent pwosédé odisyon sou zafè garanti dwa moun va rézoud daprè jan pwosédé MSDE mandé ansanm ak tan limit yo. MSDE ap fè pati yo kon sa a lekri de desizyon pou mété sou koté akizasyon yo, épi ladan akizasyon yo, si genyen, va rézoud pa pwosédé plent.

- D. Si gen you akizasyon ki parèt nan you plent ki té ranpli nan MSDE kité désidé anvan nan odisyon sou zafè garanti dwa moun ladan gen menm pati yo, odisyon desizyon an yo rété maré pou tou dé pati yo, épi MSDE va enfomé moun ki fè plent lan ansanm ak ajans piblik la sou sa.

VI. PLENT REZOLISYON

Lè nou jwenn ké ajans piblik la té fè tou sa ki nésésè pou rezoud plent lan pa mwayen médyasyon oswa pa lòt rézolisyon dispit, oswa moun ki té ranpli a wetiré plent lan, MSDE va konsidéré plent lan rézoud. Sa gen ladan tou lè ajans piblik la ofri you remèd ké yo pwopozé pa endividé a oswa pa òganizasyon nan lèt plent lan.

VII. AKTIVITÉ VERIFIKASYON YO/SWIT PLENT LAN

Lè MSDE fè you lèt konklizyon ki idantifyé you vyolasyon dé règleman yo oswa lalwa fédéral yo osnon léta yo, MSDE ap mandé ajans piblik la pou soumèt dokiman ki montré aksyon korektif yo respekté pa ge anyen ankò pou fè.

- A. Nenpòt pati ka mandé asistans téknik konfom a lèt konklizyon yo. Rékèt pou asistans téknik dwé fèt nan you tan ki rézonab you fason pou pa mété an réta finisman aksyon korektif yo.
 - B. Ajans piblik ka négoisé avèk MSDE lòt métòd yo pou éfikasman ekzékité désizyon final.
 - C. Pèsonèl MSDE va fè révizyon étap yo ké yo pran épi détèminé si yo satisfè aksyon ki mandé a.
1. Si étap ki pran an satisfè aksyon koréktif yo, MSDE va bay nòt a lékri de désizyon pati yo épi fèmen plent lan.
 2. Si akson ajans piblik la pran an pa korijé pwoblem ki idantifyé a (yo) MSDE pral travay séré séré avek ajans piblik la pou détèminé pou ki rezon ké aksyon ki té pran yo pa rivé akonpli rezulta ké li té sipozé akonpli épi yap bezwen detèminé lòt estratéji you fason pou jwenn rezulta ké nap chaché yo.

3. Si ajans piblik la pa fè okenn éfò bòn fwa you fason pou aksyon korektif yo konplété MSDE ap fè ajans piblik la jwen you nòt a lèkri konsènan sanksyon yo menm jan sa espesifyé pa pwosédé yo.

VIII. APLIKASYON

Lè you ajans piblik pa fini fè sa aksyon koretif yo mande anvan dat ki espesifyé nan lèt konklizyon an oswa anvan dat nenpòt pwolonjman ta dwe fèt daprè sa ki nan seksyon VII ki soti nan pwosédi sa yo, MSDE va apliké aksyon yo dapré COMAR 15A.05.02.07.

IX. EFÒ PIBLIK YO DÉ KONSYANS

- Ajans piblik dwé asiré ké li ekspliké paran yo pwosédi plent lan yo, moun kap fè défans lot moun, pesonel lékol ladan tou nou dwe bay pwosedi sofgad yo.
- MSDE va ditribyé pwosedi plent lan pa prezantasyon pa mwayen òganizasyon kap fè défans dwa moun, pèsonèl ajans piblik ansanm ak lòt yo si gen deman fèt pou yo. MSDE develope you zanmitay (Patnè) ansanm avèk gwoup kap defann moun yo, ansanm avek lot òganizasyon paran yo, tèl ké: Sant Lwa Moun ki gen andikap yo nan Maryland (Maryland Disability law Center) Plas Paran yo nan Maryland (Parent's Place of Maryland) ; Kowalisyon Edikasyon Inklizif nan Maryland ; (Maryland Coalition for Inclusive Education) ; Kominoté Medyasyon Maryland; (Community Mediation Maryland); ansanm ak ARC/Maryland pou asiré konsyans pwosedi yo. MSDE va asire tou ké pwosedi say o parèt sou sit entènèt MSDE.

Sé Dépatman Edikasyon Léta Maryland Divizyon Edikasyon Espesyal /Sevis Intévansyon Bonè ki fè tout dépans sa nan IDEA kado # H027A070035A, Depatman Edikasyon Etazini, Ofis Edikasyon Espesyal ansanm ak Sèvis réyabilitasyon. Sa ki eksprimé la (opinyon) Depatman Edikasyon Etazini oswa nenpòt lòt ajans federal pa nésèsèman wè-l menm jan, nou klè sou sa. Divizyon Edikasyon Espesyal/ Sevis Entèvansyon Bonè (Division Of Special Education/ Early Intervention Services) tout dépans yo péyé pa Pwogram Ofis Edikasyon Espesyal ansanm ak Sevis Reyabilitasyon, Depatman Edikasyon Etazini (Office of Special Education Programs, Office of Special Education and rehabilitative Services, U. S Department of Education). Enfòmasyon sa yo ou gen dwa fè kopi a gogo, sa vlé di gratis ti chéri. Nou ankourajé moun kap li yo pou fè kopi ansanm ak pataj kopi, ou sèl bagay ou dwé fè konen ké krédi a sé pou Divizyon Edikasyon Espesyal / Sevis Entevansyon Bonè, Depatman Edikasyon Leta Maryland (Division of Special Education/Early Intervention Services, Maryland State Department of Education).

Depatman Edikasyon Leta Maryland pa gen diskriminasyon bazé sou ras, sou koulè, sou seks, sou laj, sou oriijn nasyonal, sou reliyion, oswa andikap ki gen relasyon ansanm avek travay oswa nan bay aksè a pwogram yo. Si ou ta vle chache konnen reg ou polis depatman an koman bagay yo ap fonksyoné, tanpri souplé kontakté Branch Konfòmité ansanm ak Asirans Ekité (Equity of Assurance And Compliance Branch) rélé nan télèfòn sa a : (410) 767-0433 oswa pa mwayen faks nan : (410) 767-0431 Daprè jan lalwa Ak Ameriken ki gen Andikap yo (the American with Disabilities Act) (ADA) dokiman sa a disponib nan fòma altènativ ,si gen moun ki mandé sa. Kontakte Divizyon Edikasyon espesyal / Sevis Entevansyon Bonè,

Depatman Edikasyon Etazini nan télémèt a a(410) 767-0858 oswa pa sèvis faks nan :
(410)333-1571.